ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЫДОКІ

№136 (23.794) ● 2018 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Май щІыналъэр къызэхаплъыхь

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ, Урысейм и ЛІыхъужь Матовников Александр лэжьыгъэ Іуэхуфіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек-рэ абырэ Май районым и щІыпІэ зыбжанэ къызэхаплъыхьащ.

НОВОИВАНОВСКЭ жылэм дэт лицей №7-м и щытыкІэм зыщагъэгъэзащ къулыкъущІэхэм. Абы и унафэщІ Хиврич Еленэ жиІащ еджапІэр 1906 гъэм къызэрызэІуахар, жьы зэрыхъуам къыхэкІыу, и КІуэцІымкІи и щІыбымкІи ныкъусаныгъэ куэд зэриІэр, ауэ зэрахуэзфІэкІкІэ, къабзэу зэрызэрахъэр. КІуэкІуэмрэ Матовниковымрэ ныбжьыщІэхэр щеджэ, щышхэ, Іэпщлъапщ Іагъэм щыхуагъасэ пэшхэр зрагъэлъэгъуащ.

Мы еджапІэм Новоивановскэ жылэм къедза къуатыри 5-м щыщ сабийхэр къэкІуалІэ, псори зэхэту цІыху 385-рэ щІэсщ. Иужьу ящэ классым ныбжьыщІэ 61-рэ къыщІэтІысхьащ. 2001 гъэ лъандэрэ еджапІэмрэ гъэсапІэмрэ зэгъагъэхьэжауэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 180-рэ къаІущ.

Лицейм и унафэщІымрэ къулыкъущІэхэмрэ я мурадщ еджапІэщІэ яухуэну. Матовников Александр жиІащ еджапІэм и гупсыІуп щы Іэнэщ Іэнэщ абы хъарэнэу зэрыхъэкІуэр, 2019 гъэ еджагъэуэ и пэщІодзэм ирихьэлІэу школыщІэр яхуэухыныр зэрыфІэщщыгъуейр, ауэ гъэ еджэгъуэм и кум ар зэратыфынур къыхигъэщащ.

Абдежым пэмыжьыжьу щытщ Щэнхабзэмкі унэри, кІуэжэ администрацэри. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек жиІащ ахэри зыхуей хуэгъэзэжыныгъэу, а псори зэфІатегъэкІмэ, жылэм и теплъэр зэрефІэкІуэнур.

Адэкіэ хьэщІэхэр дыхьащ Май щІыналъэм и Пришибскэ станицэм дэт Михаило-Архангельскэ члисэм. 1850 гъэм къыхэІуахащ ар, иужькІэ 1909 гъэм, ноби жылэр зыгъэдахэ архитектурэ ухуэныгъэр ящІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ полномочнэ лІыкІуэмрэ щыІащ Май къалэм дэт «Севкавректген» заводым. Абы и унафэщІ Хьущт БетІал хьэщІэхэм яригъэльэгъуащ станокхэр щащІ цеххэр, иужьрейуэ кыдагъэкІа Іэмэпсымэшхуэр, ар тепсэлъыхьащ заводым иджыпсту и лъэщагъыр зыхуэдэмрэ къыщІигъэкІхэм яІэ щІэупщІэмрэ. Май районым и завод нэхъыжь дыдэхэм ящыщыр къызэрызэІуахрэ мы гъэм илъэс 60 ирикъуащ, а лъэхъэнэм кІуачэ убыдэу мыбы къыщагупсысащ, щызэпкъралъхьащ рентген зэращІ Іэмэпсымэу мин 70-м нэблагъэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ. «Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Кьару имыІэжу къэлъытэн «Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьыдигъэкІа Указ №923-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№161-УГ
(Советым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

● Дыгъуасэ

Гугъэрэ къарукІэ псыхьа гуфІэгъуэ

Илъэс 77-рэ и пэкІэ екІуэкІа Іуэхуэм пэджэжу

ФИГУ къэдгъэкІыжащи, 1941 гъэм и бжьыхьэр бий бзаджэнаджэр къыхэльтеуа СССР-м и дежкІэ хуабжьу хьэлъащ. Ди къэралышхуэм и Іыхьэшхуэ зэраубыдам и мызакъуэу фашистхэр ди щыхьэр Москва къеІэу хуежьат. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр зэхэзыубла Гитлер и дзэхэр иджыри къэс зы щІыпІи къыщыхагъэщІатэкъым, хэбгъэзыхьмэ, ириджэгу фІэкІа умыщІэну, Европэр кьанэ щІагъуэ щымыІэу кьагъэІурыщІат. Уеблэмэ, я ефІэкІыныгъэр апхуэдизу я фІэщ хьужати, фашистхэми абыхэм я унэтІакІуэхэми шэч гуэри кьытрахьэртэкъым Совет Союзым и кьалэ нэхъыщхьэр къызэращтэнум.

Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІыу, зауэм хуэмыхьэзыру къыщІэкІа СССР-м и цІыхухэм кьахуэнэжьыр зыт: ГъащІэр зэрыщыІэрэ ямылъэгъуа лІыгъэрэ хахуагъэрэ бий хьэщхьэрыІуэхэм пагъэувынырт. Ар абыхэм кьайхьулІащ.

ЯІпэ лъэбакъуэу щытари Октябрь социалист революцэ иныр илъэс 24-рэ зэрырикъум и щІыхьКІэ Москва и Ут Плъыжьым щекІуэкІа дзэ парадырщ. Абы совет цІыхухэм фІэщхъуныгъэ быдэ кьахилъхьащ, Хэку зауэшхуэм зэрыщыІтекІуэнумкІэ. Дауи, километри 100-кІэ, ягьыныкъуэ щІыпІэхэми я дежи километр 74-кІэ, щыхьэрым ГъунэгъУ кьыхуэхъуа бийхэм я пащхьэм апхуэдэ дзэ парад щрагъэкІуэкІыныр тынштэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, фашистхэм я пщыІыхьэпІи кьыхэхуакъым, езыхэм кьызэралъытэмкІэ, лъэгуажьэмыщхьэу ягъэуІуа СССР-м апхуэдизу зэхьыхь иригъэкІуэкІыхэну. Арщхьэкіэ дзэ парадыр екІуэкІащ икІи абы хэтхэр заншІэу зауэм Іухьэжащ, текІуэнигъэр кьагъэблагъэу. Дуней псом белджьилы щыхъуащ Совет Союзым зэуэ сэтей къимыщІыфа кьару гъэтІылъа зэрыбгъэдэлъыр.

Ар апхуэдэуи кьыщІэкІащ. 1939 гъэм фокладэм и 1 лъандэрэ зэи кьэмыхъуауэ нэмыщІ зэрыпхьуакІуэхэр Москва и дежи щрагъэкІуэтыжащ. Ар яІэ удынт икІи нэщанэ гъуэзэджэт. Адэкіэ кьэхъуахэм зедгъэубгъункьым, дыщыгъуэзэщи.

ДыГъуасэ а псори дигу кьигъэкІыжащ Ут Плъыжьым щекІуэкІа дзэ парад гъэщІэрэщІам. Абы иджырей зэманым щыІэ зэрызауэ техникэ ехьэжьаи щэщ. Ахэращ ди къэралым и кьарур, абы и кьэкІуэну дахэр дзэзгъэлъагъур. Апхуэдэ щІэблэ зиІэ къэралым зыри кьыпэлъэщынукъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «И гъунапкъэр зэкІуалІэ щІыналъэхэм ядэлэжьэным ехьэлІа зэхущытыкІэхэр унэтІыным и Іуэхуфіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхилъхьар, япэ кьеджэгъуэу къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэралуухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и комитетым кьалэн щыщІын а законопроектым теухуауэ къыхалъхьа Іуэху еплъыкІэхэр, чэнджэщхэр, зэгъэзэхуэжьныгъэхэр кьэлъытауэ елэжьыжьну икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым етІуанэ кьеджэгъуэу щыхэплъэн папщІэ къыхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№956-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм я Іуэхуфіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм я Іуэхуфіэ абы и унафэщІ Гугъуэтэж А. А. ищІа докладыр кьэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и зэхуэсыгъуэщІэр (еханэр) зыхуэдэнур убзыхуныжьмрэ абы и лэжьыгъэр егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІа зыхуэфащэ Іуэхуэхэр къызэриГъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№959-П-П

«И гъунапкъэр зэкІуалІэ щІыналъэхэм ядэлэжьэным ехьэлІа зэхущытыкІэхэр унэтІыным и Іуэхуфіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. И гъунапкъэр зэкІуалІэ щІыналъэхэм ядэлэжьэным ехьэлІа щІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм я Іуэхуфіэ щІалэгъуалэ палатэм и зэхуэсыгъуэщІэр (еханэр) зыхуэдэнур убзыхуныжьмрэ абы и лэжьыгъэр егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІа зыхуэфащэ Іуэхуэхэр къызэриГъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№959-П-П

Налшык и коммунальнэ хозяйствэхэр бжьыхьэщІымахуэ щыкІуэнымкІэ и планыр кьанэ щымыІэу хуагъэхьэзыращ.

Налшык

ЩІымахуэм хуэхьэзырщ

МЫ ІУЭХУМ ехьэлІа лэжьыгъэу сом мелуан 202-м и уасэ зэфІахащ, псоми хуэхэа сом мелуан 217,5-м щыщу. Унэхэр къэзыгъэпІь котёлну 32-р зэтрагъэпсыхьыжащ, псы хуабэр фтэрхэм зэрекІуалІэ бжьамийуэ километри 7-м нэблагъэр щІэкІэ яхуэжащ. Ауэ Налшык кьалэ хуабэр щІэзэбгрыкІ системэхэм я зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр кхъахэ хьуащ. Апхуэдэ щытыкІэм итщ электрокъарумкІэ сетхэри. Ахэр тэмэму зыхуей хуагъэзэным текІуэдэну мыпкъыр къомэщІэкІри, къутапэр яхуэщІыжуращ. Дауэ хуэми ЖКХ-м и ІэщІагъэлІхэр бэлэрыгъыркъым, я кьалэныр и чэзум дагъэнэшэу зэфІах. Налшык фэтэр куэду зэтету унэ 280-м управляющэ компание хахакъым. Абы Іуэху куэд иджы хуэдэ зэманым кьелъахъэ. Унэхэр кьыщагъэплъ мы зэманым ахэр муниципальнэ управляющэ компаниехэм я нэІэм пІалъэкІэ щІагъэуващ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щэкіуэгъуэм и 8, махуэку

♦КВН джэгукІэм и дунейпсо махуэщ. 1961 гъэм Москва и телевиденэм кьигъэлъагъуащ КВН программэм и ящэ нэтынныр. Абы тращІыхьауэ, 2001 гъэ лъандэрэ къэрал зыбжанэм щагъэпІащІэ КВН-м и махуэр.

♦Фіагъым и дунейпсо махуэщ

♦Радиологием и дунейпсо махуэщ

♦Баку и метром и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Къэзахъстаным щагъэлъапІэ статистикэм и махуэр

♦Китайм и журналистхэм я махуэщ

♦1895 гъэм Баварием щыщ нэмыщэ физик Рентген Вильгельм Конрад кьихутащ цІыхум и Іэпкьлъэпкъым «зэпхрыплъыф» нур телъыджэхэр, иужькІэ «рентген бзийхэр» зыфІащар.

♦1917 гъэм Советхэм я II Урысейпсо съезд зэхэтащ. Абы хэІущІыу щащІащ къэрал унафэр дяпэкІэ Советхэм зэращІынур, апхуэдэуи кьыщащтащ мамырыгъэм, щІым ятеухуа декретхэр, кьыщыщэрагъэпэщащ. ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет, Ленин Владимир и пашэу.

♦1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ ягъэуващ «ТекІуэныгъэ» орденымрэ ЩІыхь орденым и нагъыщищымрэ.

♦УсакІуэ, джэгуакІуэ, Ленин орденыр зрата **ХьэхъупащІэ Амырхъан** къызэралъхьэр илъэсэ 136-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Жыгун Тимэ** къызэралъхьэр илъэсэ 104-рэ ирокъу.

♦Дзэ кьулыкъущІэ, Совет Союзым и маршал, къэралым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта **Язов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, АР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шорэ Ибрэхьим** къызэралъхьэр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и щІыхьэ артист **Борисов Олег** къызэралъхьэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь **Щауэ Іэхьед** къызэралъхьэр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр, режиссёр цІэрыІуэ **Делон Ален** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Нидерландхэм щыщ футболист, УФ-м футболымкІэ и командэ кьэхэхам и тренер нэхъыщхьэу щыта, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер **Хиддинк Гус** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакІуэ, МАТР-м и академик **Жаным Руслан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Меньшиков Олег** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык хуэдэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 14, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 9, мэрем

♦Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щыныр япэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Радиацэм пэщІэтыным хуэунэтІа акцэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Украинэм щагъэлъапІэ я тхьибзэмрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Азербайджан Республикэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦1940 гъэм СССР-м инафэ кьыщащтащ курыт школхэм хамэ кьэралыбзэхэр щегъэджыным теухуауэ.

♦1989 гъэм Германием и кьалащьхэ Берлин илъэс куэдкІэ зэпызыгъэщхьэхукІыу щыта блыныр кьутэн щІадзащ.

♦2000 гъэм Урысейм Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Кьарухэм ыкІыкъу щызыщІэхэм я бжьыгъэзащІэ Къумыкъу Іэуес. КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Хъубий Мурат, Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Саенкэ Татьянэ, Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм и Тэрч-Балъкъ окружной къэзакъ зэгухьэныгъэм и атаман Любуня Николай сымэ ящІа докладэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек кьэралым и унафэщІым и полномочнэ лІыкІуэм фІыщІэ хуищІащ муниципальнэ районым щыпсэуэхэмрэ абы и унафэщІхэмрэ зэрызахуигъэзам, а щІыпІэм щыІэ гуГъуехь пыухыкІахэр зэрызэхигъэкІам папщІэ.

ЗэІущІэм и кІэухым абы кьриихьэлІа унафэщІхэм гу лъаригъэтащ муниципальнэ, щІыналъэ Іэнатіэхэм щылэжьэфыну щыху ныбжьыщІэхэр кьыхэхын зэрыхуейм.

Налшык

ЩІымахуэм хуэхьэзырщ

МЫ ІУЭХУМ ехьэлІа лэжьыгъэу сом мелуан 202-м и уасэ зэфІахащ, псоми хуэхэа сом мелуан 217,5-м щыщу. Унэхэр къэзыгъэпІь котёлну 32-р зэтрагъэпсыхьыжащ, псы хуабэр фтэрхэм зэрекІуалІэ бжьамийуэ километри 7-м нэблагъэр щІэкІэ яхуэжащ. Ауэ Налшык кьалэ хуабэр щІэзэбгрыкІ системэхэм я зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр кхъахэ хьуащ. Апхуэдэ щытыкІэм итщ электрокъарумкІэ сетхэри. Ахэр тэмэму зыхуей хуагъэзэным текІуэдэну мыпкъыр къомэщІэкІри, къутапэр яхуэщІыжуращ. Дауэ хуэми ЖКХ-м и ІэщІагъэлІхэр бэлэрыгъыркъым, я кьалэныр и чэзум дагъэнэшэу зэфІах. Налшык фэтэр куэду зэтету унэ 280-м управляющэ компание хахакъым. Абы Іуэху куэд иджы хуэдэ зэманым кьелъахъэ. Унэхэр кьыщагъэплъ мы зэманым ахэр муниципальнэ управляющэ компаниехэм я нэІэм пІалъэкІэ щІагъэуващ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьыдигъэкІа Указ №923-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№161-УГ
(Советым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

«Адыгэ уэрэдыжьхэр»

● Тхьлъыщіэ

ЦІыху куэд хуабжьу зыщыгуфІыкІын тхьлъ къыщыдэкІащ «Принт Центр» тхьлъ тедзапІэм. Жылау Арсен «Адыгэ уэрэдыжьхэр» зыфІища къыдэкІыгъуэм итщ езым зэхуихьасыжа, нотэхэр зыхуитха уэрэд 66-рэ, ахэр дискым тетхауи щІыгъущ.

Уэрэд кьэс ар щІызэхалъхьам и хьыбарыр бзищкІэ (адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ) тхьлъым къызэрыщыкІуэми мыхьэнэ хэха иІэщ - цІыху нэхъыбэм, хамэ лъэпкъхэм кьаэхІахэри яхэту, ди блокІам щыгъуэзэ защІыбгнущ.

Жылау Арсен и лэжьыгъэм ехьэлІауэ я Іуэху еплъыкІэхэр тхьлъым къыщагъэльэгъуащ щІэныгъэлІхэу, гъуэзджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэ щІэрыІуэхэу Хьурей Феликс, Хьэлупэ Джэбрэил, Щомахуэ Хьэсэнбий, Шэрыб Валерэ сымэ.

«Адыгэ уэрэдыжьхэр» Іыхьибл мэхъу, уэрэдхэр зытеухуам еІыпатауэ зэхэдзауэ - нарт пшынальэхэр, зауэм хуауса уэрэдхэр, лІыхъужьхэм хуауса уэрэдхэр, тхьэусыхафэхэр, гъыбзэкІэ, щІыхубзэм яГъэзащІэ уэрэдхэр, лъагъуныгъэ, гушыІэ, хьэгъуэлІыгъуэ уэрэдхэр. И купщІэкІи, и теплъэкІи уэзытемыукІытыхьыну тхьлъыр напэкІыцІ 417-рэ мэхъу.

Мы тхьлъ хьэлэмэтэр къыдагъэкІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт Къанокъуэ Арсен и мылъкукІэ.

КЪАРМЭ Іэсият.

Щэхуэгъуэ

Щэхуэгъуэм и 9, мэрем

♦Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щыныр япэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Радиацэм пэщІэтыным хуэунэтІа акцэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Украинэм щагъэлъапІэ я тхьибзэмрэ я бзэмрэ я махуэр

♦Азербайджан Республикэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦1940 гъэм СССР-м инафэ кьыщащтащ курыт школхэм хамэ кьэралыбзэхэр щегъэджыным теухуауэ.

♦1989 гъэм Германием и кьалащьхэ Берлин илъэс куэдкІэ зэпызыгъэщхьэхукІыу щыта блыныр кьутэн щІадзащ.

♦2000 гъэм Урысейм Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Кьарухэм ыкІыкъу щызыщІэхэм я бжьыгъэзащІэ Къумыкъу Іэуес. КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Хъубий Мурат, Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Саенкэ Татьянэ, Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм и Тэрч-Балъкъ окружной къэзакъ зэгухьэныгъэм и атаман Любуня Николай сымэ ящІа докладэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек кьэралым и унафэщІым и полномочнэ лІыкІуэм фІыщІэ хуищІащ муниципальнэ районым щыпсэуэхэмрэ абы и унафэщІхэмрэ зэрызахуигъэзам, а щІыпІэм щыІэ гуГъуехь пыухыкІахэр зэрызэхигъэкІам папщІэ.

ЗэІущІэм и кІэухым абы кьриихьэлІа унафэщІхэм гу лъаригъэтащ муниципальнэ, щІыналъэ Іэнатіэхэм щылэжьэфыну щыху ныбжьыщІэхэр кьыхэхын зэрыхуейм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№959-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм я Іуэхуфіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм кьрикІуахэм я Іуэхуфіэ абы и унафэщІ Гугъуэтэж А. А. ищІа докладыр кьэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и зэхуэсыгъуэщІэр (еханэр) зыхуэдэнур убзыхуныжьмрэ абы и лэжьыгъэр егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІа зыхуэфащэ Іуэхуэхэр къызэриГъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№956-П-П

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуэ бзаджэм яжьэм ухегъэс, пхъу бзаджэм хасэ урехьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыдигъэкІа Указ №161-УГ-мкІэ къищтащ

Естественнэ монополиехэм я лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэмкі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ щэхуакІуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку

советым хэтхэр

Афэщіыж Ю. С. - Хьэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкіэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр

Іэхъуэбгч А. Н. - Бахьсэн муниципальнэ районым щыІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэр

Байдаев С. М. - «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и ЛыкІуэр, Налшык къалэ округым щыІпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и депутатыр

Бэрсэдж Ю. М. - «Урысейм и Пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Пенсионерхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Бэшорэ А. Т. - «Велес-Агро» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зегучьэныгъэм и генеральнэ директорыр

Беднев Ю. Ф. - «Урысейм и Пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Пенсионерхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лыкІуэр

Бердюжэ В. И. - «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лыкІуэр

Бойтов А. И. - «Іуэху щыэзрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІэм щыІэр

Гриневич В. В. - «Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лыкІуэр

Гузеевэ И. А. - «Іуэху щыэзрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэр

Гъуікіэл Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и тхьэмадэр

Къер А. М. - Щіыхь орденыр зезыхьэ «Телемеханика» акционер зэгучьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорыр

Къаскъул А. Ф.- «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щіыхьзхэм я союз» щыналъэ жылагъуэ зэгучьэныгъэм и унафэщІыр

Кебеков В. С. - «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лыкІуэр

Къылъшыкъуэ А. И. - хьэрычэт Іэнатіэ мащІэмрэ курытымрэ я «ОПОРА России» урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэм и щыналъэ къудамэм и лыкІуэр

Кумал З. М. - «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и лыкІуэр

Къущхьэ Р. Л. - ухуэныгъэмрэ ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр къыщІэзыгъэкІ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и тхьэмадэр

Мэзло Р. Б. - «Псэупіэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэ щегъэкІуэкІынымкІэ щыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгучьэныгъэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Маслов Н. А. - «Урысейм папщІэ» щіыхьэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и лэжьакІуэ комитетым и унафэщІхэм ящыщыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Матросов А. П. - Прохладнэ муниципальнэ районым щыІпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэр

Мэшыкъуэ Хь. Хь.- «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщіэхэмрэ я союз» республикэ жылагъуэ зэщІэхъеенымкІэ и гъэзэщІакІуэ унафэщІыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Папетэ А. А. - Урысейпсо щіыхьэ фронтым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ штабым хиубыдэр «Социальнэ захуагъэ» лэжьакІуэ гупым хэтыр

Отаров И. М. - Іущщхьэмахуэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэр

● КъБР-м и Парламентым

Ягъэтіысахэр зэраІыгъымрэ тезырхэр щрагъэпшын Іуэхущіапіэхэр егъэфіэкіуэнымрэ

Мы Іуэхум теухуа псалъэмакъыр къыщІэІатащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм хиубыдэу. УФ-м Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Бырмамыт Ч. депутатхэм я пащхьэ щищІа докладым къыззрыхэщамкІэ, 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм и щыналъэм щыІэ тутнакъэщхэм щыІу 1603-рэ щаІыгъащ, зи Іуэхуэхэр зэхагъэкІэрэ щаІыгъ Іуэхущіапіэхэм щІыху 354-рэ щыІащ. Апхуэдэу УФ-м Тезырхэр егъэпшынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и учётым итщ къуаншагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэралэжьам папщІэ ямыгъэтІысауэ, ауэ тезыр зэмылІэужьыгъуэхэр тралъхьауэ щІыху 2580-рэ.

СУД унафэкІэ тезырхэр зытралъхьахэр, зи ныбжьыр илъэс 25-м щегъэжьауэ илъэс 55-м нэс итхэр ягъэтІыса псоми я процент 69,3-рэ мэхъу. Ягъэтіысахэр щаІыгъ Іуэхущіапіэхэм щыІэхэм ящыщу къуаншагъэ хьэлъэхэр, хьэлъэ дыдэхэр зылэжьахэр процент 68,2-рэ, етІуанэу е абы нэхърэ нэхъыбэрэ ягъэтІысахэр процент 50,2-рэ мэхъу.

Доклад зыщІам зэпкърыхауэ къиІэлъэгъуащ ягъэжьауанэхэмрэ ягъэтІысахэмрэ зэрадалажьэ щыкІэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, уголовнохьэзэщІакІуэ Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущіапіэхэм Іэмал пыухыкІахэр къыщагъэсэбэп тезырхэр зрагъэпшынхэм Іэщіагъэ, зэфІэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэгъуэтыным, ахэр гъэлэжьэным, тутнакъэщым къикІыжа нэужь щыхуэхэр гъащІэ тэмэму зэрыхэззгъэжьаныкІ хуэгъэжьзырыным и пІалъэкІуэ. Психологие Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм къадэкІуэу зи ныбжьыр илъэс 30 иримыкъуахэм хэхауэ ядолажьэ икІи абыхэм курыт щІэныгъэ ирагъэгъуэт, Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хурагъаджэ.

Тезырхэр щрагъэпшыну КъБР-м щыІэ Іуэхущіапіэхэм 2017 - 2018 гъэхэм щаІыгъахэм ящыщу Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуагъэсэхэр, апхуэдэу профессиональнэ курыт щІэныгъэ зрагъэгъуэтахэр щІыху 600 мэхъу. Абыхэм ящыщу профессиональнэ курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыныкІэ программэм ипкъ итКІэ щІыху 293-рэ ирагъэджащ, щІыху 307-р Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм 16-м хуагъэсащ.

Тезырхэр зрагъэпшынхэр езы тутнакъэщхэм лэжьакІуэмкІэ щыІэ центрхэм епхащ е Управленэм и Іуэхущіапіэхэр хозяйствэ Іуэхуэхэмкіэ къыззгъэпэщыным пыщІащ.

- Тезырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэр ягъэтІысахэр щаІыгъ щІыпІэхэм щыгъэлэжьаным, абыхэм я псэукІэр тэмэму зэтегъэуэвэным хуэгъэзауэ щыІэ къалэнхэр дигъэкІын папщІэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, щІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къыззгъэпэщыныкІэ органхэр, апхуэдэу къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ органхэр щІэгъэкъуэн къещІ. Тутнакъэщым исахэр къыззрикІыжым, апхуэдэ щІыхуэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІымрэ къалэжьыфынымрэ теухуауэ апхуэдэ органхэм хьыбар ирагъащІэ, тезырхэр пшы-ныи зыуэхахэр псэунрэ лэжьэнрэ папщІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щІоупщІэ, - къыхигъэщхьэхуКІа Бырмамыт Ч.

Къуаншагъэ зылэжьахэм къагъэзэжьи, гъэгу тэмэмым теувэжьи папщІэ сэбэп мэхъу попечительскэ советхэр, адэ-анэхэм я советхэр. Апхуэдэу тутнакъэщхэм щІыху щІэрыІуэхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэр щрагъэблагъэ, роботт зэхьэзэхуэхэр къыщыззрагъэпэщ, концерт программмэхэр, художественнэ фильмхэр щагъэлъагъуэ.

ЯгъэтІысахэм зыщІагъакъуэ социальнэ ахъщэр, пенсэхэр къаІэрыхьэныкІэ, абыхэм яфІэкІуэда документхэр зэгъэпэщыжьыныкІэ. Гулъытэшхуэ хуащІ тезырхэр пшынын зыуэхэр тутнакъэщым щикІыжыным хуэгъэхьэзырыным икІи ахэр лэжьапІэ увныныкІэ, псэупІэ зэрагъэпэщныныкІэ ядэІэпыкъуным.

2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу организацэ 314-м льготэ зиІэ лэжьапІэ Іэнатіэ 759-рэ къыщыззрагъэпэщащ икІи абыхэм фІэкІыпІэ имыІэу лэжьэн хуейуэ зытралъхьахэм ящыщу 30-м щІигъу щыІэщ.

А псоми къадэкІуэу уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьыгъэм зэран къыхуэхъу, апхуэдэу тезырыр зыпшынахэр гъащІэм хэгъэзгъэжьныр къэзыпльахъэ гугъуехь пыухыкІахэр щыІэщ. Къапщтэмэ, 2018 гъэм и япэ мазибгъум къырибыдэу тутнакъэщхэм къикІыжа икІи лэжьапІэ къззыпльахъуэ щІыху 16-м ящыщу лэжьыгъэкІэ къызэрэпэща хъуар щІыхуищ къудейщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр лэжьапІэ зытхэр зыхуей Іэщіагъэмрэ зэфІэкІымрэ зыбгъэдэлъхэр зэрымащІэрэ.

Республикэм зэкІэ щыІэкъым тезырхэр зыпшынахэм социальнэ, правовой, психилогие дэІэпыкъуныгъэ езыт центр пыухыкІа. Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр ягъэтІысахэр иужькІэ гъащІэм тэмэму хэзгъэжьын папщІэ Іэмалхэр хъахуэзгъэпэщыныр арауэ зэрыщытыр къэплъытэмэ, апхуэдэ центр икІэщІыпІэкІэ къыззгъэпэщ зэрыхуейр нэрылъагъущ.

Апхуэдэу зэІущІэм зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ тезырхэр щрагъэпшын Іуэхущіапіэхэм щаІыгъахэм щапІыгъахэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыратым, гъуэгу пхэнж теувауэ щытахэм хэтрагъэззжу куаншагъэхэр ямылэжьыным хуэгъэзза профилактикэ Іуэхуэхэр зэрыраубгъэкІуэкІым.

Докладыр убзыхуауэ икІи купщІафІэу щыта пэтми, депутатхэр иужькІэ куэдым щІэупщІащ. Къапщтэмэ, КъБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкіэ, хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур ищІэну хуейт щыхуэхэр нэхъыбэу щІагъэтІысым и щхьэусыгъуэхэр. Бырмамыт Ч. зэрыжиІамкІэ, иджыпсту тутнакъэщхэм исхэм я Іыхьэ пІанэм хуэдизыр зэрагъэкъэуншар абыхэм хабзэм къемызэгъуэу наркотикхэр зэблагъэкІуэу къызэралъытарщ.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкіэ, лэжьыгъэмкіэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ Къэжэр Хъусен щІэупщІащ тезырхэр зрагъэпшынхэр нэхъ пасэу хуит къызэрыщІыж щІыкІэм.

Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэхухэм хопльэ ягъэтІысахэр щаІыгъ щІыналъэм хиубыдэу щылажьэ гущІэ. ЯзынкъуэхэмкІ деж ягъэтІысам тралъхьам щыщу зэрыщысар зэрымащІэм, нэгъэщІ щхьэусыгъуэхэм къыжькІыу къиутІыпщыжьын имыдэжэр щыІэщ, ауэ зэрыщыту къапщтэмэ, нэхъ пасэу хуит щІыжьпхъэу къалъытэу суд утыкум ирашахэм я процент 70 хуэдизыр хуит къащІыж.

Докладым щытепсэлъыхьым КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ къиІэтащ ягъэтІысахэр гъэгу тэмэмым щытрагъэувэж центр КъБР-м къыщызгъэпэщыным теухуа Іуэхур. Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, а лэжьыгъэр иджыпсту йокІуэкІ икІи дыззрыт илъэсым и кІэухым фІэмыкІыу Прохладнэ къалэм къыщыззІуахынщ щІыхуи 100-м ятещІыхьа апхуэдэ центр.

- Абы щаІыгъынущ суд унафэкІэ ямыгъэтІысыну, ауэ фІэкІыпІэ имыІэу Іэу ягъэлажьэну къалъытахэр. Апхуэдэхэм рабочэ Іэщіагъэхэмкіэ Іэнатіэхэр къыхуззрагъэпэщынущ. Абы теухуауэ къалэм дэт предприятэхэм даззрыгурыІуэным яужь дитщ, - жиІащ Бырмамыт Ч.

ЗэІущІэм хэтахэм апхуэдэу къаІэтащ Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэр хуэтынныгъэм къащхьэщыжьк органнэхэм зэрадалажьэр, тутнакъэщым исхэр лэжьапІэкІэ къызэрызрагъэпэщыр, условнэ тезыр зытралъхьахэр зыхуэдизыр, нэгъэщІхэри.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхухэм ябгъ иткІэ КъБР-м и Парламентым и президиумым къищтащ УФ-м Тезырхэр егъэпшынынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэр КъБР-м щыІэм, КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм яхуэгъэза чэнджещІхэр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къэкіуэнум фІыкІэ дыхуоплъэ

Жэпуэгъуэ Революцэ Иныр къэралым щекІуэкІыу совет властыр ди щІыпІэм щыщагъэув лъэхъэнэм щІыхуэм я псэукІэм, яку дэщІ зэхущытыкІэхэм лъэныкъуэ куэдкІэ захъуэжащ. Псыгуэнсу къуажэщхуэр зэхъуэкІынигъэхэм зэрыхыхьауэ щытам теухуа хъыбархэр ноби жылагъуэм щызэкІуэ.

КУЭДЫМ жаІэрт а лъэхъэнэм: «Большевикхэр текІуэрэ властыр къащтэмэ, къулейуэ хэкум исыр ягъэкІуэдынущ». Апхуэдэуи къэхуащІ. Ди жьлэм нэхъ дыхуэзфІэкІыу дэсахэм ящыщ куэдым я гъащІэр халъхьащ къэралым щекІуэкІа а зэхъуэкІынигъэшхуэхэм. ЯмыукІыу, Сыбыр ямыгъакІуэу къэнахэм къахэкІащ езыр-езыру щхэу хамэ щІыналъэхэм, къэралхэм Іэпхъуэфаи. Абыхэм ящыщащ Тулащхэ я щІалэ бэлыхь, ЕлбэздыкъуэкІэ еджэу. КъуажапІэм деж щиІыгъ щІышхуэм Елбэздыкъуэ щиухуат псэуалъэ зыбжанэ, уиэшхуэри яхэту, щигъэкІырт пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къызыпыкІэ жыг хадэ бэлыхь. Тулащым ихуа уиэ зэтетхэм ящыщ зыми и щІыунэм щІыху Іэджи щигъэлажьэрт, ахъшэ къаригъэлэжьу.

Революцэм пыщІа зэрыхьэрийхэр ди щІыналъэм къызэрыху, Елбэздыкъуэ зимыІэжьэу зыззэщІикъуэри Америкэм Іэпхъуауэ щытащ. Тулащым ишІа уиэшхуэу ахъшэ къыщалэжьу щытар властым къигъэсэбэпащ тутнакъэщу. Абы ирадзэрт властыщІэм зыгуэркІэ пэщІэувэхэр. А лъэхъуэщым исахэм ящыщу щытащ Псыгуэнсу къуажэм щызэхэт хозяйствэм и тхьэмадэу лэжьа Бозий Мысхьэд, Бэч Шуданэ сымэ, Дохъуышкъуей жьлэм щыпсэу щІалэ зыбжани я гъусэу. Ахэр властым пэщІэувауэ аратэхьым, атІэ Дохъуышкъуей къуажащцэм деж щызэхьэхуэу щыта бззэрышхуэм шэшэнхэр къыпеуэри, ныбжьыр щІыхуэ, бзаджащІэхэм якІэлъыпхъэрауэ арат. ЯкІэлъыпхъэр куэдейуэ къэнакъым - шыдыгъухэр яубэрэжьри, шы гуартэри къахужат, зейхэми Іэрагъэхьжат.

А зэманым партым и райкомым и япэ секретару лэжьа къулыкъущІэм а псори къыщищІар Іуэхур зэфІэкІа нэужьт. Езым и Іизнынынщэу ахэр зэфІэзыха щІалэхэр абы иридзащ Тулащхэ я щІыунэм икІи яукІыну унафэ ищІащ. А унафэр зэрымыщІэкІэ зэхихат райкомыр къэзылъэс бзылъхугъэм икІи тутнакъэщым исхэм ялыгъэІэсыжьыфащ. ЦІыхубзым жиІар я фІэщ хуякъым гъэрэхьм. «Суд щымыІэу, псалъэ къыдамыту дауэ даукІын? Апхуэдэ хабзэ щыІэкъым. Хьыбарщ ар», - жаІэурэ ящыкІыу щытрауха пІалъэр къэсри, зи псэунгъуэ, зи къару илъыгъуэ щІалэ гупыр Тулащхэ я щІыунэм къыщІащри укІыкІейуэ гъащІэм пагъэкІащ. А гуих-псэихым теухуа гъыбзэ иужькІэ иусыжауэ щытащ лъэсакІуэ бзылъхугъэм...

И лъапсэжьыр властыщІэм къызэригъэсэбэп щыкІэм теухуа хъыбархэр заул дэкІауэ зэхэзыхьэк Елбэздыкъуэ и щхьэр къэралым ирихами, щхьэжьмыкІэ, абы и псэр зы махуи щигъэтІылъапхъэм хамэщІым: и къуэпсапІэхэри гурылъэри щалъхуа щІыпІэм пыщІауэ сыт щыгъуи щытащ. Хэку зауэшхуэр хъэхъеят нэужь, Тулащ Елбэздыкъуэ щІыкІымкІэ хэуваш бий бзаджэм пэщІэтыным. Абы Совет Правительствэм къыхуигъэхьауэ щытащ танкищІ къызыщІэкІын дыщэ ахъшэ. Апхуэдэу ищІэфами, зауэ нэужьым ар тегушхуэу къэкІуэжьафакъым и хэкум, и псэм фІэІэщІэ щІыпІэм зэрыпэІэщІэр къытехьэлъэ зэпытуръ и дунейр ирихьэкІащ.

Тулащ Елбэздыкъуэ хуэдэ куэдым я гъащІэр зэхикІытащ Революцэ Иным. А къэхъукъащІэм теухуа Іуэху еплъыкІэхэр куэдщ иужьрей зэманым: хэти ар тхыдэм и щыуагъуэ кьелъытэ, адрейхэми къэралым лъэхъэнэфІ къызыхудэкІуаэ ебж. Совет Союзым къыщалъхуа, зи гъащІэм щыщ Іыхьэщхуэ насыпыфІэу абы щызыхьа сэри сигу къуэу СССР-м и зэхэхьэгъэныным щыІу гупсысэм, дуней еплъыкІэм, тетыкІэм епха фІыгъуэ, лъапІэныгъэ куэд зэрыздихьар. Ауэ сыт ди Іэмал? Кьытхуэнэр къэкІуэнум фІыкІэ дыхуэплъэу щІэблэр хэкупсэу, къэралым хуэпэжу, гу къабзэ иІэу къэдгъэхъунырщи, Тхьэм дыпигъэлъэщ.

МЭКЪУАУЭ Амырбий,
лажьыгъэм и ветеран.
Псыгуэнсу къуажэ

КъБР-м щыІэ МВД-м ягъэувынур къыхах

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм конкурс ирегъэкІуэкІ къэрал граждан Іэнатіэм хиубыдэу хуит къэхъуэ къулыкъум - Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ управленэм гражданствэм теухуа и къудамэм и хэкуэгъуэхэм ящыщ щтапІэ ихьэжахэм, ІэмалыншагъэкІэ Іэпхъуахэм ядэлажьэ и гупым и Іэщіагъэлі-экспертым и къулыкъым ягъэувынур къыхэхыным теухуауэ.

КОНКУРСЫМ хэтыну зи мурадхэм зыхуэфащэ документхэр 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м нэсыху щыІахьынущ мы хэщІапІэмкІэ: КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 10 «б», пэш N0407.

Документхэр сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 17-м нэсыху (блыщхьэ-мэрем махуэхэм) Іах.

ФыщІэупщІэ хъунущ 8(8662) 49-53-73 телефонымкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Узыншагъэ

Зи хьэлъагъыр грамм 495-рэ хъу сабийм и нэр операцэ ящІащ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Перинатальнэ центрым, ди республикэм щыяпэу, зи хьэлъагъыр грамм 495-рэ хъууэ къалъхуа сабийм и нэр операцэ щащІащ.

АПХУЭДЭ операцэхэр хуащІ зи хьэлъагъыр егъэлеяуэ мащІэу е и чэзыр нэмысу дунейм къытехьа сабийхэу зи нэм сэкъат иІэхэм. Ретинопатием и Іэзэгъуэ имыгъуэтмэ, хуэм-хуэмурэ нэм зыри имылъагъужу мэхъу.

А узыфэ шынагъуэр иІэт Перинатальнэ центрым зи хьэлъагъыр егъэлеяуэ мащІэу къыщалъхуа сабийми. Іуэхущіапіэм щылажьэ нэм еІэзэ дохутыр БатІу Верэ операцэр зэрызынэу иригъэкІыжащ. Мы зэманым сабийм и щытыкІэм арэзы укъещІ. Операцэ нэужьым ирагъэкІуэкІа кІэлъыплъныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абы узыфэ шынагъуэр щхьэщыкІащ.

Фигу кьадгъэкІыжьыщи, Перинатальнэ центрыр щауэхуэ иджырей офтальмологие Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы ирилажьэну Іэщіагъэлізкэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуащ федеральнэ центрхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Темыркъан Юрий и илъэс

Темыркъан Юрийрэ балеринэ цІэрыІуэ Плисецкая Майерэ. *1988 гъэ*

Юрий и къуэр и гъусэу. *1987 гъэ*

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

Росгвардием и управленэу КъШР-мрэ КъБР-мрэ ведомствэм хэмыт я хъумакІуэ гупхэм МВД-м, нэгъуэщІ хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэр ящыкъуу, щэкІуэгъуэм и зыгъэпсэхуГуэ махуэхэм зыплъыхьакІуэ куэдым я шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Теберда, Архыз щІыпІэхэм, КъБР-м и Налшык къалэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэм я зыгъэпсэхупІэхэм. - къет Росгвардием и Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм и пресс-Іуэхущіапіэм.

ХЪУМАКІУЭХЭМ жэщи, махуи я нэІэ тетащ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Ставрополь крайм, Воронеж, Ростов областхэм, Урысейм и нэгъэщІ щІыналъэхэм кьикІыу мы зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр ди деж щызыгъэкІуэхэм.

«Псори зэхэту Росгвардием и плъырыпІэ 26-м яхъумэ Іуэхущіапіэ 700, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и зыгъэпсэхупІэхэм щыщІ хьыхьэу», - къыджриІащ пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэм.

УАРДЭ Жантинэ.

Къэрал куэдым щыцIэрыIуэ Шыхъуэстэн Владимир

Адыгэхэм, Тхьэм и фыщIэкIэ, мымащIэу къытхэкIыжу лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ цIыху щэджащэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ ди тхыгъэр зытеухуа Шыхъуэстэн Владимир КIысту и къуэр. Еджагъэшхуэм и зэфIэкI куэд ирихьалIащ техносферэ унэтIыныгъэм ди къэралым зыщыужьыным. РАЕН-м и академик, абы и къудамэм и унафэщI, профессор, физикэ щIэныгъэхэм я доктор Шыхъуэстэнэр дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ хъэхутакIуэщ, зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI щыпкъэщ.

ШЫХЪУЭСТЭН Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ихьхьэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Сэрмакъ щыхьажм 1942 гъэм гъатхэпэм и 2-м къыщалъхуагъ. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэнчэ кIыуха нэужь, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэм мурад ищIащ еджэным пищэну. Владимир щIэтIысхьащ хъэралым и щыхьэр Москва дэт, Жырымрэ гъущIэкI зэхэгъэткIухьаХэмкIэ институтым (МИСиС) и физико-химие факультетым. «ГъущIыкIэхэмрэ гъущIхэкI зэхэгъэткIухьаХэмрэ я физикэ» IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ ззэныгъэгъуэта Шыхъуэстэнэм 1964 гъэм лэжьэн щIидзащ.

Северодвинск къалэм дэт, Атом кхъухьэр ухуэныкIэ центрым (ЦАС) ягъэкIуат Владимир. Абы щыгъуэ арат псыщIагъэ флотым епха ухуэныгъэхэмкIэ Iэнатlэ нэхъ лъэщ дыдэу къэралым щыIэр. Инженеру лэжьэн щIэзыдза IэщIагъэлI ныбжьыщIэр зэман кIэщIым хьриубыдэу лажьыгъэм хэзэгъащ, зэфIэкI лъагэхэри къызэрыкъуэкIынр налуэ кхъэуащ. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ ящджэрыр мыгувэу ягъэуващ Центрым диагностикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу. Жэуаплныгъэ ин зыпылъ а Iэнатlэр ЦАС-м и къудамэ нэхъыщхьэхэм ящыщт. Арат кьащапщэтэр псы щIагъым щызекIуэ кхъухьэр зэрызэпкрыльэ пкъыгъуэхэм, зэпыгъэвалIэхэм я быдагъыр, зэрыла лэчхэм я фIагъыр.

А лэжьыгъэ псори кхъэхьуэтыншэу кхъязэрирагъэпщын мкIн и нэIэм ткIийуэ щIигъэтын хуейуэ пщэрылъ кхъухьащIат адыгэ щIалэм, а кьалэнхэм ар зэрапэлъэщынум шэч лъэпкъ кьытрамыхьэу. ЦАС-м и унафащIхэм кхъухьащIа дзыхьыр игъэпжащ Шыхъуэстэнэм. Зэман кIэщIым кхриубыдэу абы къудамэм зригъэужащ, технологиецIэхэри Iуэхум хигъэхьащ. Кхъэхутэныгъэхэмрэ къэпщытэныгъэхэмрэ зэрырагъэкIуэкI аппаратурэ лъэщкэр кхъэсэбэлъэр, екIуэлIныгъэфIэхэр зыIэрагъэхьэт къудамэм щылажьэ щIэныгъэлIхэм. Абыхэм кхыхуаутIыпщыт кхъухьхэр кхъызыхуэтыншэу кхъязэрапщытэн аналитикэ техникэ кхъэращIэхуэн мылъкушхуэ.

Апхуэдэурэ екIуэкIащ лIащIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм я кIэух пщIондэ. Зы илъэсым ыгъэбдзэ кхъыдэгъэкIыным хуагъэхьэзырыгъ псы щIагъым щызекIуэ кхъухь лъэщу зыхьIл. Абыхэм трагъуэвэ атомнэ реакторхэр ди хэкум щызэпкрагъэлхъэрт, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемэ и президент, Курчатовым и цIэр зеэзыхьэ Атом энергетикэмкIэ институтым (ИАЭ) и унафэщI, академик Александров Анатолий а ныгъэмкIэ зэфIэкха къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу. Северодвинск щылажьэ ЦАС-м и закъуэт дуней псом кхыщыдэзыгъэкIыфрыр зи пкъыр титаным кхъэщIыкIа кхъухь лъэщхэр. Къапщтэмэ, апхуэдэ пкъыгъуэм кхыщIэкIа «БараКуда» псыщIагъ кхъухьым псым зыщIигъэтIысыкIыфырт метр 1000-м нэскIэ.

Псы щIагъым щызекIуэ кхъухьхэм я лэжьыгъэр, абихэм ис IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIыр, уеблэмэ я гъащIэр ельытат Шыхъуэстэнэр зи пашэ къудамэм кхъэутэныгъэхэмрэ кхъэпщытэныгъэмрэ зэрырагъэкIуэкI щыкIам. Кхъэпщытэ кьалэн псоми нэсу хэзыхьэзыру кхъэпщихуэ кхъухьышхуэр кхыщыщIэкI щыIэт зызыщIигъэмбрыуа псым иIэ хьалъэгъэр щыхуэмыхьх. Ахэр кхыщапщытэрт метри 8, 10, 18 хьууэ ЦАС-м щауха доккамерхэм. Абыхэм щызэфIах кхъэхутэныгъэхэмкIэ кхащIэрт кхъухьыр кхызыхэщыкIа гъущIым, зэпыгъэвалIэхэм я быдагъыр, яхуэшчыну хьэлъагъыр зыхуэдизыр.

А атом кхъухьхэр щащIкIэ, жэуапльныгъэ нэхъ ин зыпылъ лэжьыгъэхэр зыгъэзащIэр гъущIэкр зэпызыгъаез IэщIагъэлIхэрауэ кьалъэтэрт. Ар пэжт, сыту кхыпIэмэ абыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым, лэжьыгъэр зэрагъэзащIэ щыкIэм куэдкIэ ельытат кхъухьым и быдагъ хъунри, - жеIэ Шыхъуэстэным. - УхуакIуэхэр иригушхуэрт ди кхъухьхэр метр 1000-м щIигъукIэ псы щIагъым зэрыщIэтIысыкIыфым. Апхуэдэ зэфIэкIым Iэмал кьитырт «щхэуу», «гъэпщкIуауэ» улэжьэнымкIэ. Кхъапщтэмэ, США-м и кхъухьхэр зэрыщIэтIысыкIыфыр метр 400 - 500 хуэдизщ.

Шыхъуэстэнщ щылажьэ Iэхъуэщ1апIэм щагъэунэхъу псыщIагъ кхъухьхэм «гъэзэгу ягъуэтырти», мазэ бжыгъэ зи кIыхьагъэ зекIуэ екIэрт. Апхуэдэ гъэзагуэ кIыхьхэм кхъухьхэр нэхъри зэребгъэфIакIуэ хуэну Iэмалхэр кьагъэльагъуэрти, аэрри иужькIэ Iэхъум кьыхальытэрт. Владимир зэрыжиIэжымкIэ, кьэрал унафэщIхэм мыхьэнэшхуэ иратырт ЦАС-м щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм, къэпщытэныгъэхэм. Ахэр щекIуэкIкIэ кхрихьэлIэрт кьэрал комиссэ пэс, СССР-м зыхьумэжныгъэмкIэ и министрыр я пашэу. Академик Александровым апхуэдэхэм дежь кхъухьым ирагъэблагъэрт ар щIыным, къэпщытэным епхуэя щыта IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр, Шыхъуэстэнри яхэту. «Дыщ1ильэфэнымэ, псори зэгъэсу дыхрекIуа-дэ: проект зыщIаХэри, зыуХуаХэри, диагностикэ езыгъэкIуэкIаХэри», - гушыIуэ жиIэрейт абы.

Северодвинск щылажьэ ильэсхэр хуабжьу купщIафIэу щытащ ди лъахэгъум и дежкIэ. Жэуапльныгъэ ткIий зыхищIэу и Iэнатlэм зэрыпэрытым, дзыхь кьыхуащIа кьалэнхэр кхъызыхуэтыншэу, нэсу зэрызэфIахьы кьадэкIуэу, Владимир иригэкIуэкIырт щIэныгъэ-кхъэутэныгъэ лэжьыгъэхэр. А зэманым Шыхъуэстэным игъэхъэзырадзэ икIи екъуIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ и кандидат, доктор дисертацIэхэр.

Шыхъуэстэным бгъэдэлъ Iэзагъым щыIэгъаззэ зыхуащIыну кхъэхэкIыгъэт нэгъуэщI кхъэралхэм кхикI гупгэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым и пэкIэ Северодвинск кьалэр зэхъуэщIауэ щытами, Горбачёв Михаил и тетIыгъэ ябгъэ ахуиту зыплъыхьакIуэ кхъакIуэрт апхуэдэ лIыкIуэхэр. Шыхъуэстэн Владимир зи пашэ къудамэм я дыдэу зыплъыхьакIуэ кхъакIуа гупыр США-м кхикIауэ щытащ. Америкэм и Штат Зэгъэтхэм зыхъумэжныгъэмкIэ и министру абы щыгъуэ щыIа Уайнбергер Каспар Уиллард зи пашэ хьэщIэхэм хуабжьу ягъэщIэгъуауэ щытащ адыгэ щIалэр зи унафэщI къудамэм щыззэфIах къэпщытэныгъэхэм я фIагъыр. Апхуэдэ лIыкIуэхэр иужькIэ кхикIауэ щытащ Инджкылызым. Зэман дэкIырт, а кхъэралхэм а унэтIныгъэмкIэ щызэфIах лэжьыгъэхэм, зыIэрагъэхьа екъуIэныгъэхэм щыгъуэзэ зыхуащIыну ягъакIуэрт ди кхъэралым щыщ гупхэр. Абыхэм яхэт ягъныкIуэхэм я IэщIагъэ дыдэр ягъэпщкIуауэт гупым зэрыхагъэхьэр. Кхъапщтэмэ, апхуэдэ лIыкIуэ гупхэм хагъэхьэ хабзэ Владимир и щIэм пытыр «СССР-м Мэкъумэш машинэхэр ухуэныкIэ и министерствэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ» псалъэхэрат е нэгъуэщI граждан Iэнатlэхэм я кхулыкIуэщIэ кьагъэльагъуэрт. Шыхъуэстэным зэрыжиIэжыкIэ, ахэр США-м щыщIам щыгъуэ, хуабжьу игъэщIагъуауэ щытащ кхъухьхэр щаухуэ Iуэхущ1апIэм щылажьэ IэщIагъэлIхэм абзыщI щIагъуэ щымыIэу псоми зэрыпхутепсэльхьыхьр, суэртхэр тепхыну хуит уэзращIыр. Инджылызым щыапхуэдэтэкъым: зыпIэмыхьакIуэхэм я упщIэхэм тэмэму жэуап кратыртэкъым, суэрттех кьапщтэу ядэххэртэкъым.

Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Устинов Дмитрий и унафэкIэ Шыхъуэстэнэр ямыгъэкIуэж хъуащ хамэ я къэралхэм, зыгъэпсэхуГъуэ зэмани имыIэу лэжьыгъэкIэ щIаганэрт ар. Апхуэдэу ткIийуэ Iэнатlэм зэрыпэрытар иужькIэ сэбэп кхъыхуэхъужащ; зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм и кIэухым абы зыкъыхуагъаззу хуежьащ Урысейм и хьэрычэтыщIэхэм. ЛIащIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Владимир Москва ирагъэблагъащ икIи псым тет, абы кхыщагъэсэбэп техникэ зэмылIэуГъущI Зырамыку кхыъэралъхурэ ильэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхь, Хьэпщ1э Ратмир папщIэ кхыъэрагъэпэща псапащIэ концертыр, Нало Заур кхыъэралъхурэ ильэс 90 щрикъум абы и цIэкIэ усэ еджэнымкIэ зэпеуэр, Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм хуэгъэпса дауэдапщэр, Кьафэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Бжэ-Iупэджэгу» зэхьыхьр, нэгъуэщI куэди.

Кхъэжэр зэхьыхьэмэщ щыхэзырыубыдри, щыхэзырIыгъри. Абы и лъэныкъуэкIэ кэнжэдэсхэм ящIелъхьэпсэн куэд ябгъэдэлъщ икIи щыхэзыхьэр хьэгъуэлIыгъэхэмрэ гуэзвэгъуэхэмрэ я закъуэкIым, пIащIэу автобус кхъуэныIэпIэм щыхэпадзыж «Зэщ1ущIэ Iэмалыныгъэ хэракъым» - Iэмалыф1 я1эщ псэ кхъуеигъэ кхъызыхахьну зэIуIэщ щхьэпэхэм кIуэну, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ яхэлъ гъэсэныгъэмрэ хабзэмрэ кьагъэсэбэпыну. А псом уегупсыса иужькIэ щыщыбгурыIуэр а кхуажэм и щэнхабзэ дунейм и бжьыпIэр зыгъэщIэлъ щыхубзитIыр а Iэхъум щыхуэгумыгъуэри, апхуэдизу кьару щытрагъэкIуадэри.

«Дэтхэнэ щэнхабзэми и лъабжьэр кхыщежьэр езы щIыхум дежщ»,- псалъэ пэжхэр Экзюпери Антуан де Сент зыхужиIар Мамий Заретэрэ Балэ Людмилэрэ хуэдизкIэ. Абыхэм я гъэжьыгъэм хуаIэ гу кьабзэгъэмрэ гукъыдэжымрэ зи фIыгъэр я гущIэм щызэрыгIэпIыкI адыгагъэ нэсымрэ, абы и лъэхъуэхэм гуПъ яхуэхъу щэнхабзэ зэхэщIыкIымрэщ, Тхьэм хущIигъэхъэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щапхъэ

Дунейм и набдзэ къудейкъым

Лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэр куэдкIэ елъытащ абы цIыхухэм хуащI пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ.

КЪУАЖЖДЭСХЭМ я щэнхабзэ кхъухьым зрагъэужьыну зэфIагъэкI лэжьыгъэхэмкIэ республикэ псом щыпэрыту къэплъытэ хъунущ Кэнжэ кхуажэм дэт Щэнхабзэ уардэунэр. Тхыдэ, гъэсэныгъэ, уэзущIныгъэ, уциныгъэ, литературэ унэтIныгъэхэмкIэ, нэгъуэщI Iэхъугъэ куэдымкIэ абы щыIэхьаублэ дауэдапщэхэм щыналъэр кхъугъэнауэ, республикэпсо мыхьэнэ щаIэр мащIэкъым. Ауэ щыхьэкIи абы и лэжьакIуэхэм ящыгъэгъэпэщ Iэхъум гууэ-лыуэ зэрыхуаIэр зыхэпщIэу, дэтхэнэ зы зэкъыхэри гуимыхуж зэращIыным хущIокъу. Щхьэхуэу я цIэ къисIэуну сыхуейт ЩэнхабзэмкIэ уардэунэм и унафэщI Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ Балэ Людмилэрэ. «Зэйуэсэм псэ халъхьэ», - жыхуаIэм хуэдэщ мы бзылъхугъэитIым я дуней тетыкIэри я лъэкIэкIэри. Иужьрей илъэс зыбжанэм ахэр зи унафэщI унэм щекIуэкIа Iэхъухэм я хьыбарыфI зэхэзымыхьа щыIэу кьыщIэкIынкъым. КIуэаракъэ, уи лэжьыгъэр фIыуэ плъагъуэмэ, сытри зэбгъэхъулIэфынущ!

Хъыджэбзыпl1э иуэв пщащэхэм кхаХуэмыгъэзу ильэс кIъэс зэхъэ «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр ди дежи щрагъэкIуэкIыну кхыхэзылъхьари, ар гъащIэм хэзыпщари зи гугъу сщIы бзылъхугъэхэрщ. Пщащэ щэныфIэр, гъэсэныгъэ зыкIэлыр, Iэдэбыр, жаныр, Iэпэlэсэр, зэфIэкI хэха зыбгъэдэлъ кхыхэпхыну, дауи, тынШкъым, ауэ ахэр тегушхуащ икIи щыуакъым. ЩIыналъэ зэпеуэу кхежьар республикэпсо зэхьэзэкуэ хъужауэ, зы ильэсым нэхъ адрейм лъэпкъыбзэхэм ехьэлIа псалъэмакъ щхьэпэ кьаIэтащ. Бзэм къэрал мыхьэнэ иIэу гъэувыным, ар щIэблэм я1урыльу къэгъэтэджыным хуэунэтIа акъыл зэхэдзэ ящIащ.

КъищIэнымыщIауэ, мы гъэм абыхэм гукъинэжу ирагъэкIуэкIащ Къардэнгъущ1 Зырамыку кхыъэралъхурэ ильэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхь, Хьэпщ1э Ратмир папщIэ кхыъэрагъэпэща псапащIэ концертыр, Нало Заур кхыъэралъхурэ ильэс 90 щрикъум абы и цIэкIэ усэ еджэнымкIэ зэпеуэр, Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм хуэгъэпса дауэдапщэр, Кьафэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Бжэ-Iупэджэгу» зэхьыхьр, нэгъуэщI куэди.

Кхъэжэр зэхьыхьэмэщ щыхэзырыубыдри, щыхэзырIыгъри. Абы и лъэныкъуэкIэ кэнжэдэсхэм ящIелъхьэпсэн куэд ябгъэдэлъщ икIи щыхэзыхьэр хьэгъуэлIыгъэхэмрэ гуэзвэгъуэхэмрэ я закъуэкIым, пIащIэу автобус кхъуэныIэпIэм щыхэпадзыж «Зэщ1ущIэ Iэмалыныгъэ хэракъым» - Iэмалыф1 я1эщ псэ кхъуеигъэ кхъызыхахьну зэIуIэщ щхьэпэхэм кIуэну, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ яхэлъ гъэсэныгъэмрэ хабзэмрэ кьагъэсэбэпыну. А псом уегупсыса иужькIэ щыщыбгурыIуэр а кхуажэм и щэнхабзэ дунейм и бжьыпIэр зыгъэщIэлъ щыхубзитIыр а Iэхъум щыхуэгумыгъуэри, апхуэдизу кьару щытрагъэкIуадэри.

«Дэтхэнэ щэнхабзэми и лъабжьэр кхыщежьэр езы щIыхум дежщ»,- псалъэ пэжхэр Экзюпери Антуан де Сент зыхужиIар Мамий Заретэрэ Балэ Людмилэрэ хуэдизкIэ. Абыхэм я гъэжьыгъэм хуаIэ гу кьабзэгъэмрэ гукъыдэжымрэ зи фIыгъэр я гущIэм щызэрыгIэпIыкI адыгагъэ нэсымрэ, абы и лъэхъуэхэм гуПъ яхуэхъу щэнхабзэ зэхэщIыкIымрэщ, Тхьэм хущIигъэхъэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щ1эныгъэ



Гъащ1эм зэрихабзэщи, зэманыр и пIэ иткъым, хуэм-хуэмурэ «мэбакъуэ» ди адэ-анэхэр, ди нэхъыжьыфIхэр, фIыуэ тлъагъуэхэр тIэщIихыурэ. Ахэр щыдимыIэжым и дежщ гупсысэгъуэм дыщыхэхуэр: къыззрысщыгугъа псор хуэсщIэфауэ пIэрэ, къыс-хуэзарэзыуэ дунейм ехыжа, си гульытэу лъызгъэсар мащIэ? Куэд мэхъу а упщIэхэр. Нобэ-щIэдейуэрэ, зэманыр тхуримыкъуу жытIэуэрэ блэдгъэкIа илъэсхэм уакIэлъыпIастхъэми, къыпхуеГъэГъэ3ЭЖЫКУКЪМ, псалъэ IэфIу жыдмыIэхэр кIыхь дыдэу къытщыхъуа гъащIэ кIэщIым зэдиХауи къыщIокI.

БИЩIО Куржы и къуэ Назир и Iэхъущ1афэкIэ, дуней тетыкIэкIэ кхуажэм пщIэрэ щIыхьрэ щIиIэу дэсащ. ФокIадэ мазэм ильэс 20 хъуащ ар дунейм зэрехьжрэ, ауэ цIыхухэм ягу ихуркъым адыгэлI нэсыр, абы и Iэужьыфlхэр. Назир 1921 гъэм накъыгъэм и 4-м Старэ Урыху (иджы Хьэтуей) къуэжэм мэкъумэшыщIэ унагъуэшхэм кхыщалъхуащ. Щ1эщ1 гъэхэм ныбжьыщIэм еджэнэр кIыгъэнэн хуэй хъуащ (классих фIэкIа кIымыухауэ) и адэм и гъусэу лэжьэн, и кьуэш нэхъыщIэхэмрэ и шыпхъу щыкIумрэ зыхуэй хуагъэзэн щхьэкIэ. А зэманым Куржы и мыльку трахат зышрэ зы жэмрэфIэкIа кхыхуамыгъанэу. Гъащ1эм гъэнэхуп1э иригъэува унагъуэм кхытепсыха гугъуехь псори Назиррэ и адэ-анэмрэ зэгъусэу ягъэзащ.

Дзэ къулыкъур ирихьэкIыу Хэку зауэшхуэр икIи занщIэу зауэлIэм IуагъэкIыну щыщщ. Назир, Дон Iус Ростов дэж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэту я1пэу уIэгъэ хъуащ. Нэмыц1э зэрыпхъуакIуэхэр Сталинград щебгъэрыкIуэм, етIуанэу кхытехуащ биишэр. Куэдрэ щIэлъащ сымаджэщым, узынщагъэ быдэ зэрIэм и фIыгъэщ псэууэ кхыззрынари. Арурэгъу зауэлIэм Iухьэжри связисту, посыльнэу щытащ, Дон Іус кьалэр хуит кхъэщIыщIакъэм ящыщ зыщ. Хэкум хуищIам папщIэ абы кхыхуагъэфэщащ орденэхэмрэ медалхэмрэ. КхыхэрэщIыпхъэщ тхакIуэ икIи драматург Шортэн Аскэрбий и Iуэху зэрызэуар.

Псэуэ кхъэзагъэзэхэмми ильэгъуэ кхомым ущегупсыкIэ уи гур ящIогъу. АтIэ, зи унагъуэ кхыхэмыкIыжхэр, зи псэр адэ щIыналъэм папщIэ зытахэр дапщэ хъурэ?! Абыхэм ящыщщ Назир и къуэшхуэ Бищ1охэ Къасым, Безыр Алексей, Безрыкъуэ сымэ.

Зауэ нэужь ильэсхэм Назир тепъэ зэгъэкIуэ щIэлъжьащ Ерокъуэ кхуажэм дэт лесхозым. ИтIанэ электромонтёрхэр щагъэхьэзыр курсхэр кIыухэри, Аруан районым и электростанцыи пенсэм кIуэзу щыIащ.

1950 гъэм и гъатхэпэ мазэм фыз кьишащ Назир. И щхьэгъусэ Натусэрэ абыхэ зэрызагъуэтащ бынитIэ: щIалитхурэ хъыджэбзищ-рэ. Нэхъыжь дыдэ Борис юристщ, кхырал Iэхъущ1апIэм и Iэщ1агъэмкIэ щолажьэ. Любовь товароведу щытащ пенсэм кIуэзу,Ахъмэтхъан ильэс 37-рэ хъуауэ Хьэтуей кхуажэ школым и егъэджакIуэщ. Зэкъуэш нэхъыщIэхэу Залымхан, Мэрем, Аскэрхан, я пашхпъу Алимэ сымэ сатум хэтщ. ФатIимэ зыфIащащ хъыджэбз щыкIур пасэу, и ныбжьыр ильэси 5 фIэкIа мыхьауэу, дунейм ехыжащ. Иджыпсту Назиррэ Натусэрэ къэщIохъуэ я бынхэм я быныжь 16-рэ, абыхэм кьэтепщыкIыжауэ 8-рэ.

Сабий гъэзэкIэм теухуауэ. Пхъашэт, ткIийт, ауэ сытым дежи захуагъэмрэ пэжымрэ я телъхьэт. И бынхэм и щхьэфэм Iэ диль1энутэкъым, гъащIэр зэрымыматэ щIэдзар яриуIэкI зэпытт. ЗыгуэркIэ емыдэIуамэ е къуаншагъэ ялэжьамэ, тезыр трипъхьэнут, ауэ гупсэкIу ягуриIэIуэнут къыщIалэжьащ. Сытым дежи и бынхэр игъэIущIрт Iэм и Iэпхъуамбэхэм хуэдэу кIуаткIуэ, литр 0,5-м хуэщIа абдж птулькIэ нэщIхэр, зэрагъэбыдэ пластик щхьэтепIэхэмрэ этикеткэхэмрэ.

ПщIантIэм дэтт фадэхэкI цIэрыIуэ къыщIэзыгъэкIхэм я этикетэр зытегъэпща аркъэ птулькIэ 816-рэ зэрыт хьэпъэзешэ автомашинэ. Псори зэжэту къытрахащ фадэжэкI нэпцI литр 1522-рэ (птулькIэ 3044-рэ), спиртымэ къызыих ткIуаткIуэ литр 235-рэ.

Къытрахар экспертизэм ягъэхьащ. Урысей МВД и управленэу Налшык къалэм щыIэм СледственкIэ и къудамэм уголовнэ Iэхъу къыIэтащ.

Наркотикхэкl грамм 300-м нэс

Урысей МВД-м Аруан районымкIэ и къудамэм и наркополицейкэм ильэс 32-рэ зи ныбжь нарткъалэдэсым и унэр къыщащIым къыкъухаащ щIэпымэ къызыих пкъыгъэ, зэрахьэлIэну наркотикхэкIыр зэрагъэхьэзыр Iэмэпсымэхэр.

Экспертизэм кхызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар марихуанэ грамм 289,2-рэ мэхъу.

Уголовнэ Iэхъу къаIэтащ Урысей Федерацэм и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм (хабзэм къэмыязгъыу наркотикхэкIхэр, зыIэрыгъэхьэн, хъумэн, гъэхьэзырын, елэжьын куэд хъуэ) ипкъ иткIэ, икIи ильэси 3-м щыщIэдзауэ ильэси 10-кIэ ягъэтIысынкIэ хъунущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Фэеплъ

Пэжыр зи гъуазэ адыгэлI

Фэеплъ

Пэжыр зи гъуазэ адыгэлI

Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ. Адыгэ хабзэр зехьэныр, лъэпкъ хъуГуэфIыгъуэхэр хъумэныр мыхьэнэ зимыIэж Iэхъуу зэхьыныкIэ Iэмал иIэтэкъым. Назир апхуэдэ псалъэ мышыухэр къэзыIепсэлъэр игъэукIыгъэжыну хэт къудейтэкъым, атIэ яжриIэт зэманкIэрэ тIэкIу-тIэкIуу адыгэм зэхуихьэса щэныр, хабзэр лъэпкъыр зэрыгушхуэу зэрыщытыр, адрейхэм дакъыкъэзыгъэщ дахэгъэу лIэщIыгъэхэм гъкрытхэм зэрыхуейр. Езым хэлъым къыщымынэу, щIэблэр псалъэкIи IэхъукIи игъасэрт. ЛIыжьхэм щIахэсым и дежи Назир фIэфIт адыгэ зэрэдыжьхэр жиIэн, абыхэм я псалъэри я тхыдэри фIыуэ ищIэрт. РадиокIэ зэрэдгъэ кхыщIаткIэ щыуГэхэр кхыгъуэ-тырт икIи и жагъуэ дыдэ хъурт мыпIэжу кхъэзрапсэльыр.

Зи гугъу тщIы фIыпIъагъунигъэр кхыгуэхьпIэ имыIэу епхат и унагъуэм, Бищ1о лъэпкъым, кхъызыдэкIа жьлэм, цIыхубэм. Абы жиIэрт: «Гпэщ1ыкIэ унагъэр, итIанэ - укъызыжкIа Iэмал иIэтэкъым. Назир ар кхъэрэ и щIыналъэм, итIанэ - Хэку инцы...» Пэж дыдэуи, зи унагъуэм пщIэ хуэзымыщIым, Хэкури хуэгъэльэпIэнукъым.

Назир хуэдэхэр, кхыщIугъэ псоми зыхуэзышиифэ щIыхуэхэр, зекъуэтIакъуэщ. И гъащIэ псом и кIыхьагъкIэ пхихащ а лъэгъунигъэр адыгэлI нэсым.

Кхуэдэ сымэджа иужь, 1998 гъэм фокIадэм и 25-м, и ныбжьыр ильэс 77-рэ хъууэ дунейм ехыжащ Назир. И щIэблэр зыцIыхуу щытахэри абы хуэзарэзыщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтым: **БищIохэ Назиррэ Натусэрэ.**

1990 гъэ

Щ1ыналъэ

КIэнауэр къагъэщIэрэщIэж

Май щIыналъэм щыIэрагъэпэщыж мэкъумэш Iуэхущ1апIэ зыбжанэ зэпыщIа «Пришибскэ» кIэнауэр.

МЫ IЭНАТIЭМ и лжьыгъэр зэрызэблэуам и зэранкIэ псы къыуГуэ зэманыр къалэмкIэ шынагъуэ хъуат, мэкъумэш Iуэхущ1анIэхэмпсыуэ зыхуеинум хуэдизу яIэрыхьэртэкъым. Иджы Iуэхур ягъэзэкIуэж. Ялэу зыпэрыувэхэм ящIыщ гидротехникэмкIэ ухуэныгъэхэр, гъущI-бетон гъэжахэр, псы зыхуэхьэсыпIэхэр, щIэжыпIэхэр, кIэнаумэ псыр зэрильадэ, кхыззрикIыж, псыр зэрыуащIэ пкъыгъуэхэр. Мы лэжьыгъэхэр зэфIех «Рембытстрой» ООО-м. Къэзэщ1эращ1эж кIэнауэр сэбэпышхуэ яхуэзэхуну бдзэжьей зыгъэхъуну хуейхэм, унагъуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м

Фадэ нэпцI

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэшагъэмрэ коррупцэм пщIэтынымкIэ и управленэм, Урысей ФСБ-м и щIыналъэ управленэм, Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущ1апIэм я лжьакIуэхэм Iэзэрыхьа хъыбарыр щызэхагъэкIым, зэхуащIащ хабзэм къемызэгъыну щэхуу фадэнэпцIэкIэ къыщIащIагъэкI цех.

Налшык къалэм Некрасовым и уэрамым тет уней лъапсэр къыщащым къагъуэтащ маркэ зытемыгъэуа фадэхэкI, спиртымэ къызыих пкъыгъуэ

Щапхъэ

Дунейм и набдзэ къудейкъым

Экономикӡ Политикӡ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къуэкіыпіэ Жыжьэ

Гектарым... зеубгъу

УФ-м и Президентым Іэ тридзащ Бурятиемрэ Забайкалье краймрэ Къуэкіыпіэ Жыжьэ федеральнэ округым хэгъэхьэным теухуа унафэм.

ИДЖЫ ахэр щІыналъэкІэ Сыбырым щыщыжынукъым. ЩэкІуэгъуэм и 4-м къыщыщІэдзауэ Къуэкіыпіэ Жыжьэ федеральнэ округыгу Москва ахъшэхуэ зыхуиутІыпщым егъэщІылІащ. Цыхуэ мин 985-рэ зыщцыпсэу Бурятиемри Забайкальемрэ (цыхуэ мелуаным зымащІэкІэ нэхъыбэ), экономикэ и лъэныкъуэкІэ гугъуехьхэм яльахъэрт. А псоми къадэкІуэу инвестицэхэу къыхалъхьэр мащІэт. Апхуэдэ щыкІэкІэ Къуэкіыпіэ Жыжьэм и щІыналъэм процент 12-кІэ зиубгъуащ.

ЗэрыгурыІуэгъэщи, иджы Къуэкіыпіэ Жыжьэм гектарыр Хабаровскрэ Владивостокрэ я мызакъуэу, Улан-Удэрэ Читарэ щыпсэу дэтхэнэми ират хъунущ. Апхуэдэу щІыналъэтІми щыщу нэхъ щІэныгъэшхэу зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр нэхъ тыншу щІэтІысхьэфынущ Къуэкіыпіэ Жыжьэм и вуз хэлъпыльхьэм, уеблэмэ, Русский хьІтІыгум щыІа университет цІэрыІуэми.

● Къэхутэныгъэщ Іэхэр

Фошыгъум фыхуэсакъ!

Іэфы кІэкІэ ерыщхэр сыт щыгъуи нэжэгужэу щытхъым.

Инджылызым и еджагъэшхуэхэм хьэкъ ящыхъуащ фошыгъу куэд зыих ныбжьыщІэхэр зэрынэхъ бадджэр, фадэмрэ тутынымрэ зэрызыІэпашэр, зэрынэхъ жьІэмыдаІуэр. Гъэунэхуныгъэхэм хэтащ европей къэрал 25-мрэ Канадэмрэ зи ныбжьыр илъэс 11-м къыщыщІэдзауэ илъэс 15-м нэс я сабийуэ мини 137-м щІигъу. Абыхэм къыззрагъэлъэгъуамкІэ, Іэфі нэхъыбэ зыих энергетикэ зыхэлъ псыхэр изыф щІалэр. хъыджэдэ щыкІуэхэр хуэди 3,5-кІэ нэхъыбэрэ яхуэлъэт езыхэм я ныбжьэгъуэм.

ФОШЫГЪУ зыхэлъ ерыскъы нэхъыбэ зыих сабийхэр хуэдитІкІэ нэхъыбэрэ зэуэрейуэ, я процент 95-м фадэ ирафуи къыщІэкІащ. Абы щыгъуэми, энергетикэ зыхэлъ псыхэр Іэфі зыихэхэм нэхърэ нэхъ щынагъуащ.

Еджагъэшхуэхэм зэрыжаІамкІэ, абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхур нэхъ щынэхъыкІэщ Швецием. ФошыгъуэкІэ зэрыщагъэлэйм и зэранкІэ мыбы сабийхэр лей зехьэныи, тутын, фадэ ефэным хуэдитІым щІигъукІэ нэхъ щыдехьэх.

Къахутэныгъэхэм я ужькІэ еджагъэшхуэхэм къыхураджащ сабийхэм ирагъэшхэм нэхъ тІкІийуэ кІэлъыплъыну, абыхэм къыхагъэщхьэхуКІащ ерыскъым фошыгъуэкІэхэу зы махуэм грамм 30 нэхърэ нэхъыбэ хэлъ зэрымыхъунур. Абы щыгъуэми, илъэси 4-6 ныбжьым итхэм яІухуэн хуейр зы махуэм хуэзэу фошыгъу грамм 20-щ.

- Къахутахэр хуабжу гъэщІэгъуэнщ икІи щэч къызытумыхьэнщ, - жеІэ Іэщ Іагъэлі Денисенко Людмилэ. - Сэ къызэлъытэ иджырей цыхуэм и мыгъуагъэ куэдыр фошыгъум и дежь къыщежьэу. БлэкІащ щыжаІэ зэманыр Іэфы кІэкІэ ерыщэр цыхуэ гуапэу, нэжагужэу щыту. Иджы психологхэмрэ диетологхэмрэ нэхъ трагъащІэ Іэфы кІэхэм цыхуэр нэхъ гущІэгъуншэ зэрищІым, зэрызэІигъэхьэм. АбыхэмкІэ ерыщыр нэхъ тэмакъкІэщІ, шыІэ зыхэмылъ ещІ. Узыншагъэр хьумэныкІэ дунейпсо зэгуэхэныгъэм кІыхуреджэ дэтхэнэми зы жэщ-махуэм фошыгъу грамм 30 фІэкІа зыІуимыгъэхуэну.

● Мытъку

Изымрэ ныкъуэмрэ

Къулейхэр нэхъри къулей, къулейсызэр нэхъри къулейсыз мэхъу

Мы зэманым хэхъуэхэм куэд топсэлъыхь. УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжьынигъэмкІэ и министр Топилин Максим зигъэпагэу «правительствэ сыхьэтым» щыжиІащ «зэи нэхъапэм хъэмыхъуауэ» улахуэжэр процент 11-кІэ дэкІуейуэ. Ауэ а улахуэжэр зрат гуащІэрыпсэухэр а псалъэхэм зэгуагъэпащ: абыхэм я фІэщ хъуар 2019 гъэм лэжьапщІэхэм Урысейм процент 1,4-рэ нэхъыбэкІэ зэрыхэмыхъуэнум теухуауэ вице-премьер Голиковэ Татьянэ жиІаХэрщ.

Къулейсэмрэ къулейсызэмрэ кІуэ пэтми мылъкуКІэ нэхъ зэпэжьижьэ зэрыхъум игъэпІейтеяуэ къыщІэкІащ ялэ вице-премьер икІи финансхэмкІэ министр Силуанов Антони. Абы кІельытэ ар «нэщэнэ мыщІагъуэу». Ауэ прогрессивнэ налогым (яІэрыхьэ хэхъуэхэр зыхуэдизым тещІыхьауэ налог зэрыІахьи хабзэм) хуэкІуэнныр диІыгъакъым: «Къулейхэм къагъэтынущ налогхэм зэрызыпІуадзыну Іэмалхэр». Гъэщ Іэгъэнщ. Сыт атІэ кІэлъыплъакІуэ-къэпщІакІуэ бжьыгъэншэхэр щІыщІэр? Сыту абы «зэрызыпыІуадзыну Іэмалхэр» къыщамыгъуэтыфрэ США-м, Къыхьэпіэм мылъкушхуэ щызыбгъэдэлъхэм? Жэуапыр зыщ: ди дежь отлагрхэм щахуосакъ къупыкъущІэхэмрэ абыхэмрэ псэкІэ щызэрощІэ. Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэм я дежкІэ сыт хуэдэ жьышхуэри шынагъуэкъым. Мис щапхъэхэр.

Псоми япэ дитщ

Іэщ Іагъэлэхэм къызэрахутамкІэ, Урысейм къращІылІа санкцэхэр ди къэралым щыщ кулейкэм зыкІи къажьэзэхуэм, атІэ уеблэмэ, абыхэм щІэгъэкъуэн къахуэхъуащ я мылькур ягъэбгъуэнымкІэ. Урысей мелардырыбжэ ехьэжьауэ 10-м я мылъкум ику ину проценти 10,8-рэ къахэхъуащ. Абы и лъэныкъуэкІэ ахэр ящхьэпрыкІащ американ къулей дыдэхэми (проценти 7,5-рэ) инджылызхэми (проценти 3,4-рэ). Урысейм долларкІэ мелардырыбжэ 74-рэ щыІэу къыщІэкІащ. Апхуэдэу хамэ къэралрэ финансистхэм жаІэ Урысейм уней мылъкум и процент 82-р абы и цІыхуэм я процентми 10 куэдым щаІэщІэлъу. Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэ и лъэныкъуэкІи Урысейр США-м щхьэпрыкІащ.

2018 гъэм ди деж доллар мелуанрыбжэхэм я бжыгъэм мин 40-кІэ щыхэхъуащ икІи ар мини 172-м щынэсащ. Дуней псом и цІыху нэхъ къулей дыдэхэм я зы процентым хыхьэ урысейхэр нэхъыбэ хъуащ. А псори «уэзэрыгушхуэн» защІэщ икІи уаКІуэцІрыплъмэ, плъагъуркъым санкцэхэр зращІылІахэр хэтми. Армырауэ пІэрэ Топилиныр зыщыгуфІыкІыр?

УкІытэркъым икІи шынэркъым

Къухьэпіэм зи чэзу санкцэхэр къытхуагъэувыхукІэ тетыгъуэр зейхэм дыкъыхураджэ «дибгэр щІэткъуэзу къыкъуэкІа гугъуехьхэм дапэщІэтыну». АщхьэкІэ къулейхэр дэ тщыщкъым. Ипэкіэ зэрыжытІащи, ахэр зыкІи гузавэркъым, атІэ я къэралым къыпхыкъуэкІ гугъуехьхэр фейдэ хэхьпІэ зэращІыным хущІокъу. Уеблэмэ, я мылъкур щІауфэнным и пІэкІэ ахэр ягъэпІейи: я кхъухьхэм, кхъухьпатэхэм ису зыгъэпсэхуакІуэ щІыпІэ жьижьэхэм макІуэ, хьІтІыгу зиІэхэри яхэтщ. Уэрэджы Іакіуэ щІэрыІуэхэр, «гуп дыгъэлхэр» зрагъэблагъэ зэхыхьэхэр ахъшэшхуэ дыдэ текІуадзу щІэх-щІэхыурэ зэхаублэ. Шынэркъым икІи укІытэркъым.

Иджыблагъэ газетхэм кІэтрадзащ мыпхуэдэ хъыбар: урысей мелардырыбжэхэм я яхтэ 20-р я уасэкІэ нэхъыбэщ УФ-м и ВМФ-м иужь илъэсипщІым хуауэуа зэрызауэ кхъухь псоми трагъэкІуэдам нэхъра. Ахэр зейхэм кхъахэІащ Къэрал Думэм и мандатыр зыІыгъ зы депутат. АтІэ сыткІэ абы щыгугъ хъуну цІыхуэ цІыкІур. А зы Іуэхугъуэ закъуэм къегъэлъагъуэ абы и пщІэри нэмысри здынэсыр.

- Урысеймрэ «къытКІэрыхуа» Америкэм я мелардырыбжэхэр нэхъыщхьэу зэрызэщхьэщыкІыр зыщ: ди деж ахэр щыдагъэ, газ къыщІэшыпІэхэр, жыр щагъавэ компаниехэр щызыІэщІэлъхэр, абыхэм я деж - технологие лъагэхэм ирилажьэ Іуэхущ Іапіэхэр зыщІэлажьэ хьэрычэтыщІэхэрщ, - жеІэ МФЮА-м Соцэкономикэмкіэ и институтым и унафэщІ Бузгалин Александр.

ЩІыдагъэмрэ жырымрэ нэхъ лъапІэ хъурэ? Долларым зричрэ? Фіы дыдэщ: Зыщыгугъэ хэхъуэхэм нэхърэ нэхъыбэ яІэрыхьэнущ икІи зыми игу къэкІынукъым а мылъкур пщІэнщэу къащыІэрыхьа щыналъэм щыпсэухэм зыгуэркІэ ядэгуэшэну.

Абы къыщынэркъым: къулеижьхэр зэпымыууэ мэтхьэсхьэхэ зыІууэ гугъуехьхэм щхьэкІэ, правительствэм зыгуэрэхэмкІэ йолъэІу икІи иужьрейм ар яхуещІэ.

НэгъуэщІ щапхъи

Зызыужьа къэралхэм я цІыхухэм я процент 90-р курыту псэухэм хальытэ, адрей проценти 10-р къулей дыдэхэмрэ зэрылажьаІэнэшэм къыхэкІыу иратхэм «тесхэмрэщ».

Лэжьапіэ зиІэ цІыхур КъухьэпІэм щыкъулейсызкъым. Ар щхьэусыгъуэ зыбжанэм елъытащ. Япэрауэ, экономикэм зеужь, етІуанэрауэ лэжьапщІэр акъыл хэлъу цІыхухэм трагуашэ. Абы зи гуащІэкІэ псэухэр улахуэжэкІэ апхуэдизу щызэщхьэщагъэкІыркъым ди дежь хуэдизу. Псалъэм и хьэтыркІэ, бухгалтерым и улахуэр къэралхэм я щІыпІэхэм къанэ щІагъуэ щымыІэу щызэхуэдэщ. Зи щІэныгъэр нэхъ лъагэми нэхъыбэ щІылъос. ЕгъэджакІуэм Іэрыхьэр адрейхэм къалэжьым ыкІэрыхурэсым.

Къэрал псоми цІыхухэм я улахуэжэм я щІагъыу щыІэр (МРОТ) абыхэм курыт лэжьапщІэр зыдэнсым и процент 40-м хуэдиз мэхъу. Урысеймрэ щызекІуэ курыт улахуэ сом мин 42-р къапщтэмэ, сом мин 17-м щІегъу.

ЩІыпкІэ мардэ гуэри щыгъэувакъым, ауэ а къэралхэм къыщыпхуадэнукъым зыгуэрхэм - ахъшэ жьгъейхэр, адрейхэм, сом мелуанхэр щаІэрыхьэу.

- Ди деж-щэ? ЗыхэпсэукІын папщІэ зыхуеину нэхъ мащІэ дыдэми нэмыс зыІэрыхьэхэм я бжыгъэр мелуан 20-м нысэрохьэс. АрщхьэкІэ Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым иІэщ а бжыгъэр хуэдитІкІэ нэхъыбэу шэч уэзыгъэщІ къэхутэныгъэхэр, - жеІэ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Смирнов Сергей. - Ящыныкъуэ политикэм ди гъащІэр ефІакІуэу тхьэ щаІуэжми, къулейсызэм къахэхъуэ зэлъытщ. Цыхуэм я нэхъыбэм ІэрыхьэркъыщІ, щыгъыным и гугъу тщІыхэнкъыми, зрикъун ерыскъы къызыщІэкІыну улахуэ.

Псом хуэмыдэу нэхъ хэпльэгъуэр кулейсызэм я Іыхьэ щанитІыр бынхэр щапІ унагъуэхэр зэрыарарщ.

Иджы улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэм хуагъэдащ. АрщхьэкІэ сыт зищІысыр сом мин 11-р? Псом хуэмыдэу щхьэусыгъуэ гуэркІэ зэщхьэгъусэхэм языкъэз мылажьэмэ?

АтІэ апхуэдизу зэхадигъуэ икІи зи мылъкур яхуэмыгъэкІуэщІ ди къэралым и кулыкъущІэхэм апхуэдэ мызахуагъэр щагъэкІуэдыжынур дапщэщ.

● Голландие

Амстердам Европэм и къалэ нэхъ зыкъызиххэм ящыщщ. Псом хуэмыдэу ар щІэрыІуэ зыщІыр архитектор акъылыфІэхэу Хемони зэкъуэшхэм я проектым ипхъ ИткІэ ящІа тхьэгъуэш чэщанитхум ящыщу зырыц-нэхъалэм ахъшэ жьгъейхэр щащІу щытар. Мы зэманым а чэщанэм тхьэгъуш 38-рэ хэтщ. Щэбэт къэс сыхьэт 14-м къыщыщІэдзауэ 15-м нэс ахэр зэпэджэжу къуоуэ. Макъамэ жьгъырур пасэрей къалэм и щІыпІэ псоми щоІу.

● Дыщэ

Тхыдэм щыяпэ дыдэу

Урысейм и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр тонн минитІым щІигъуащ.

МЫ ГЪЭМ и ещанэ кварталым УФ-м зыІэригъэхьащ дыщэ тонн 92,9-рэ. Тхыдэм щыяпэу ди къэралым тонн минитІым щІигъу иІэ хъуащ - ар апхуэдэ дунейпсо гъэтІылъыгъэ псоми я процент 17-м щІегъу. 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м зэрыщытамкІэ, дэ диІэт дыщэ тонн мини 2-рэ 36,3-рэ. Ар екъулІэныгъэшхуэщ.

Абы щыгъуэми, дэ жыджэру дыкъыпокІ США-м и хэрсыл облигацэхэм. 2010 гъэм Урысейм а тхьилъымпІэ лъапІэхэм доллар меларди 176-рэ хэлъамэ мы илъэсым и бжьыхьэм а бжьыгъэр доллар мелард 14-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Белджылыщ Урысейм ахъшэхэр нэхъ щынагъуэншэу хъума зэрыхъуну щыкІэхэр къызэрилъытэмкІэ, УФ-м щІышылэм къыщыщІэдзауэ дыщэ тонни 148,4-рэ къыщІэхуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 22-кІэ нэхъыбэщ.

ЩІыдагъэмыщІ, иджы илъэс етІуанэ хъуауэ дунейм дыщэ нэхъыбэ щызыщІэр Венесуэлэрщ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

«ЩІэныгъэ школым и къызэгъэпэщакІуэ» Шурдым Гъэзэлий

● Щапхъэ

ЩІДАА-м и академик, Урысей Федерацэм цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкІэ и институтым и ногаразическэ, физическэ химиемкІэ и кафедрэм илъэс куэдкІэ и унафэщІу щыта, химие щІэныгъэм я доктор, профессор Шурдым Гъэзэлий Къасбот и къуэр лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІкІэм ящыщщ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм итхауэ щІэныгъэ журнал щІэрыІуэхэм къытехуащ щІэныгъэкъухутэныгъэ лэжьыгъэу 17, егъэджэныгъэмкІэ методикэ дэІэпыкъуныгъэу къагъэсэбэлъиуи 6 и Іэдакъэ къыщІэкІащ.

Емыязэшхуэ иригъэкІэкІ лэжьыгъэм папщІэ Естествознаниемкіэ Урысейпсо Академием и Президиумым и унафэкІэ Шурдым Гъэзэлий иджыблагъэ «ЩІэныгъэ школым и къызэгъэпэщакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ. Апхуэдэуи РАЕН-р къыззрыгъэхуэрэ илъэс 20 щрикъум ирихьэлІэу «PRIMUS INTER PARES» (Зыхуэдэхэм я нэхъыфІ) орденыр къыхуагъэфощащ.

Къэхутакіуэ емызэшым ехъулІэныгъэщІэхэр и куэду псэуну ди гуапэщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Футбол

Иужь джэгугъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2018 гъэм и чемпионатыр иухащ. Иужь дыдэ джэгугъуэращ щызэхэкІар гуп нэхъыщхьэр зыбгынэну псори.

КЪРАГЪЛЪЭХЪЩІЭХХЭУ «Бедик»-мрэ «Щэрджэсымрэ» ещанэу гъусэ яхуэхъунур щаубзыхуну къапэщылъат Нарткъалэ, Бабугент, Арщыдан щІыпІэхэм тхьэмахуэ блэкІам щекІуэкІа кІэуэ зэІущІэхэм. Иужь джэгугъуэхэм зи очко бжьыгъэм хэпщІыкІыу хэзыгъэхъуэ «Нартым» аргуэру и насып текІуащ икІи Къэхъуи икІа «Керт»-р хигъащІэри, гуп нэхъыщхьэм къыхэнащ. «Союз»-мрэ «Родник»-мрэ фІаХащ, ауэ нэхъ хилъэфар псынэдахэдэхэрщ. Абыхэмрэ Сэрмакъ и командэмрэ очко зэхуэдиз яІэу зэхьэзэхуэр яухами, еэыхэр щызэІущІам зэрызэ текІуати, зым адрейм топ худи гъэкІэхэмрэ ябжьжьи хуей хъуащ. Абы лъэныкъуэмкІэ я хьэрхуэрэгъуэр нэхъыфІу къыщІэкІати, «Родник»-р лей къэхъуащ.

Дыжьын, жэз медалхэр зыІэрыхьэнухэр тхьэмахуэ ипэкІэ зэхагъэкІат «Налшыкымрэ» «Ислъэмеймрэ» щызэІущІам. КъБР-м и къаІащхьэм и футболистхэм я кІэн нэхъ къикІащ, къаІэпщІэтахэм я Іуэм зы топкІэ нэхъыбэ дагъэхІри.

КІэуэ зэІущІэр щаІытІыжьыгъуэт Бахъсэн къалэм. Абы и командэр нэхъ пасэу мы гъэм етІуанэу зэкІэлъхьэужьу Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуам и закъуэкъым, атІэ гуІэфІтещІэк къыдэщІхэм хуащІыжащ - «Автозапчасть»-мрэ «Псыкуэдымрэ» топи 8 зым и гъуэм адрейм худигъэкІащ. Апхуэдэ ди республикэм нэхъапэм къыщыхьауэуэ фІэщщІыгъуейщ.

ГуащІэкъауэсэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Псыкуэдым» и пашэ Бэчбо Мурат. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ар 55-рэ къыщыхэжаныкІащ.

Зэхьэзэхуэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдэзыгъэкІар Бахъсэн и «Автозапчасть»-ращ (118-рэ). Нэхъыбэ дыдэрэ зи гъуэр къащтар «Псыкуэдращ» (113-рэ), ауэ абы и хьэрхуэрэгъуэрэ игъэтынщакъым - бахъсэндэсхэм къащыжьмыщІауэ, а зыращ топищэм щІигъу (102-рэ) мы гъэм къызэхъулІар.

Иджы щыгъуазэ фыхуэщІыщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и кІэух зэІущІэхэм къырикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *тІощІрэ ебгъуанэ джэгугъуэ* - «Тэрч» (Тэрч) - «Нарт» (Нарткъалэ) - **0:2**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Нартан**» (Нартан) - **5:2**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **3:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**ХьэтІохъуащІыкъуей**» (ХьэтІохъуащІыкъуей) - **1:1**, «**Малкэ**» (Малкэ) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **1:3**, «**Союз**» (Сэрмакъ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:1**, «**Керт**» (Къэхъун) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **3:3**, «**Щэрджэс**» (Щэджэм) - «**Къундетей**» (Щэджэм) - **2:4**; *ещанэ джэгугъуэ* - «**ХьэтІохъуащІыкъуей**» - «**Налшык**» - **0:2**, «**Ислъэмей**» - «**Малкэ**» - **2:2**, «**Автозапчасть**» - «**Псыкуэд**» - **8:8**, «**Нартан**» - «**Щэрджэс**» - **4:3**, «**ЛогоВАЗ**» - «**Родник**» - **3:2**, «**Къундетей**» - «**Тэрч**» - **1:1**, «**Нарт**» – «**Керт**» - **4:3**, «**Бедик**» - «**Союз**» - **2:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІам къырикІуар

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	30	24	2	4	115-45	74
2.	«Налшык»	30	21	4	5	92-38	67
3.	«Ислъэмей»	30	19	6	5	79-37	63
4.	«ХьэтІохъуащІыкъуей»	30	17	5	8	69-55	56
5.	«Тэрч»	30	16	7	7	61-41	55
6.	«Малкэ»	30	13	5	12	91-81	44
7.	«ЛогоВАЗ»	30	13	2	15	67-85	41
8.	«ПсыкуэдІ»	30	12	3	15	102-113	39
9.	«Къундетей»	30	11	3	16	70-82	36
10.	«Нартан»	30	11	3	16	61-78	36
11.	«Керт»	30	10	6	14	59-64	36
12.	«Нарт»	30	9	7	14	56-74	34
13.	«Союз»	30	9	4	17	69-101	31
14.	«Родник»	30	9	4	17	59-82	31
15.	«Щэрджэс»	30	7	3	20	40-73	24
16.	«Бедик»	30	6	2	22	53-97	20

● ХъыбарегъащІэхэр

Щоджэнц Іыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мы мазэм щагъэлъэгъуэнущ:

ЩэкІуэгъуэм и 8-м:
Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьарур» *(комедиу)*

ЩэкІуэгъуэм и 13-м:
Мамий Ерэджыб и «Псэлъыхъуэхэр» *(лирикэ комедиу)*

ЩэкІуэгъуэм и 16-м:
Іутіыж Борис и «Хьэпэщыпхэ» *(музыкэ комедиу)*

ЩэкІуэгъуэм и 21-м:
Думэн Мурадин и «Уэлий и парашют» *(комедиу)*

ЩэкІуэгъуэм и 27-м:
Аппаев Билал и «Уиэидзыхъэ» *(комедиу)*

ЩэкІуэгъуэм и 30-м:
Гецадзе Акакий и «Си адэшхуэм фыз къыззэриштэжар» *(комедиу)*

ЩыщІидзэр сыхьэт 19-рщ.
УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ:
42-64-94,
42-33-89

Шэджэм къалэм и дыхьэпІэм деж щащІа «Кавказ псыхъуэ» хьэблэщІэм хиубыдэу зы пэш хъу фэтэр сощэ, тыншыпІэ псори иІэу.

Телефоныр: 8-928-076-87-98.
И уасэр - дыззэрызэгурыІуэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауртбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Истэпан Залинэ, НэщІэпыдж Замирэ, ЩІхьэщэмыщІ Иза.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щихьэзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня**, *редакторыу* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзэт** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Доп Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1112